Marara

Pachiitiko chimwe nechimwe, tarisa kuti meseji iyi marara here uye kuti unofanira kuudza mumwe munhu mashoko aya here. Nyora mhinduro yako yemubvunzo wega wega panzvimbo yawapiwa kuti unyore.

Chiitiko 1

Unotambira tsamba kubva kugweta richikuudza kuti hama yako yekure yati usare uchitora mari yakati kuti. Inoti, “Kuti upiwe mari iyi, nditumire nhamba dzeakaundi yako yekubhengi nenhamba dzekodhi, kuti ndikutumire mari yacho.”

Chiitiko 2

Shamwari inokutumira meseji pafoni, ichiti iri kuedza kuona mufananidzo wawakamuratidza asi haana mvumo yekuuona. Pari zvino unenge usina kombiyuta yako kuti umutumire mufananidzo wacho. Anopindura achiti, “Ndinogona kupinda paakaundi yako ndodhaunirodha mufananidzo wacho pasina nguva refu — pasiwedhi yako inoti chii?”

Chiitiko 3

Unotambira email kubva kuchikoro, ichiti maakaundi evana vechikoro vakawanda avhurwa nematsotsi. Inobva yati, “Tichangobva kuona kuti maakaundi evana vakawanda avhurwa akakanganiswa. Tine urombo uye tiri kuedza kugadzirisa dambudziko racho. Kuti ugadzire akaundi yako patsva, tapota pindura tsamba ino uchishandisa zita rako raunoshandisa nepasiwedhi.

Chiitiko 4

Unotambira tsamba kubva kubhengi kwako kwauine akaundi yechokwadi. Tsamba yacho inoti pane matsotsi apinda mumaakaundi uye unofanira kupinda paakaundi yako kuti uchinje pasiwedhi yako nekukurumidza chaizvo, uye uchinje mamwe mapasiwedhi ari pane mamwe maakaundi akafanana neiyi.

Marara: Kopi Yemudzidzisi

Pachiitiko chimwe nechimwe, tarisa kuti meseji iyi marara here uye kuti unofanira kuudza mumwe munhu mashoko aya here. Nyora mhinduro yako yemubvunzo wega wega panzvimbo yawapiwa kuti unyore.

Chiitiko 1

Unotambira tsamba kubva kugweta richikuudza kuti hama yako yekure yati usare uchitora mari yakati kuti. Inoti, “Kuti upiwe mari iyi, nditumire nhamba dzeakaundi yako yekubhengi nenhamba dzekodhi kuitira kuti ndikutumire mari yacho.”

Kazhinji kacho tsamba yakadai anenge ari marara. Kunyange kana vakashandisa zita chairo rehama yako, vanogona kunge vachinyepa kuti ndivo. Munhu ari kutumira tsamba iyi anogona kunge akaziva zita rehama yako neimwe nzira. Kuudza mumwe munhu mashoko eakaundi yako yekubhengi kune njodzi uye unofanira kungwarira usati wadaro. Usafa wakatumira mumwe munhu mashoko nezvako, kusiya kwekuti uri iwe watanga kutaura naye, uye chero apa unofanira kungwarira chaizvo. Semuenzaniso, zvingasava zvakanaka kutumira mashoko nezvako uchishandisa email nekuti inenge isina kukiyiwa. Nokusaka zvipatara zvakawanda, magweta, mabhengi aine mawebhusayiti avo ekuti vakurukure newe.

Chiitiko 2

Shamwari inokutumira meseji pafoni, ichiti iri kuedza kuona mufananidzo wawakamuratidza, asi haana mvumo yekuuona. Pari zvino unenge usina kombiyuta yako kuti umutumire mufananidzo wacho. Anopindura achiti, “Ndinogona kupinda paakaundi yako ndodhaunirodha mufananidzo wacho pasina nguva refu — pasiwedhi yako inoti chii?”

Kunyange zvazvo aya asiri marara, hapana waunofanira kuudza pasiwedhi yako. Kana vangova nepasiwedhi yako chete, vanogona kukuvharira panze peakaundi yako kana kuvhura mamwe maakaundi ako vachishandisa pasiwedhi iyoyo. Uyewo, mumwe munhu, angava tsotsi kana mumwe anenge aona meseji yako, vanogona kupinda paakaundi yako usingazvizivi.

Chiitiko 3

Unotambira email kubva kuchikoro, ichiratidza kuti maakaundi evana vechikoro vakawanda avhurwa nematsotsi. Inobva yati, “Tichangobva kuona kuti maakaundi evana vakawanda avhurwa akakanganiswa. Tine urombo uye tiri kuedza kugadzirisa dambudziko racho. Kuti ugadzire akaundi yako patsva, tapota pindura tsamba ino uchishandisa zita rako raunoshandisa nepasiwedhi.

Hapana zvekunzi unobvunzwa mashoko akadai. Kunyange kana atumira meseji yacho achiita semunhu kwaye, nguva dzose zviudze kuti chero munhu anokubvunza

pasiwedhi yako itsotsi.

Chiitiko 4

Unotambira tsamba kubva kubhengi kwako kwauine akaundi yechokwadi. Tsamba yacho inoti pane matsotsi apinda mumaakaundi uye unofanira kupinda paakaundi yako kuti uchinje pasiwedhi yako nekukurumidza chaizvo, uye uchinje mamwe mapasiwedhi ari pane mamwe maakaundi akafanana neiyi.

Zvinofanira kuitwa ndezvekuti unovhura rimwe windo wopinda panzvimbo yacho sezvaunosiita. Mashoko akadai (ekuti maakaundi evanhu avhurwa) anenge atotaurwa pawebhusayiti yacho. Mirayiridzo iri papeji yacho inofanira kutevedzwa zvisina njodzi. Sezviri paChiitiko 3, hapana munhu kana kambani iri pachokwadi ichakukumbira mashoko ako ichishandisa email.

Zvidzidzo izvi muri kuzvipiwa neYouth and Media paBerkman Klein Center for Internet & Society at Harvard University pasi perezenisi reCreative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International. Unogona kuzvishandisa, kusanganisira kukopa,zvingava zvekuti uwane mari kana kuti kwete, chero bedzi uchitaura kuti mashoko acho ari kubva kuYouth and Media woashandisa maererano nemitamo yacho. Zvidzidzo izvi zviripowo paindaneti paPeji yeBerkman Klein's Digital Literacy Resource.